



Pou Piblikasyon Imedya: 10/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ YO FINANSE ATRAVÈ INISYATIV  
REDIKSYON POVRETE EMPIRE STATE LA YO NAN ELMIRA**

***Yo Akòde 800,000 Dola nan Finansman Eta a Bay Senk Pwojè nan Rejyon  
Southern Tier la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse senk pwojè ke yo pral finanse nan kad Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la (Empire State Poverty Reduction Initiative, ESPRI) nan Elmira. Prim sibvansyon 800,000 dola sa a pral ede ofri rezidan Elmira yo fòmasyon pwofèsyonèl ak resous travay, pwomouvwa opòtinite biznis pou atreprenè yo, epi pèmèt plis aksè a lojman abòdab atravè modènizasyon nan inite lojman kolektif yo. Pwojè sa yo se yon rezilta dirèk ESPRI an, ki se inisyativ 25 milyon dola Gouvènè an pou ede 16 kominote devlope estrateji ki onivo lokal yo pou redwi povrete, epi ogmante opòtinite ekonomik yo pou tout moun New York yo.

“Lè nou responsabilize kominote yo pou yo konekte moun yo ak opòtinite ki ka ede yo vanse sou yon wout anvè endepandans ekonomik, New York ap konfwonte lit kont povrete a dirèkteman”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen konfyan ke pwogram sa yo pral pote bon rezilta epi ede rezidan Elmira yo jwenn aksè a resous ki ka ede yo pwospere.”

Yon ti tan apre Gouvènè an te anonse Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la an 2016, Albany, Binghamton, The Bronx, Buffalo, Elmira, Hempstead, Jamestown, Newburgh, Niagara Falls, Oneonta, Oswego, Syracuse, Troy, Utica ak Watertown te vin rejwenn Rochester lè yo devlope fòs entèvansyon lokal yo pou kapab sipèvize efò kominotè yo epi administre finansman eta yo. Fòs entèvansyon sa yo te travay pou yo idantifye zòn ki gen plis nesosite yo epi yo te devlope rekòmandasyon pou yo fè investisman ak lòt chanjman pou redwi kantite moun ki ap viv nan povrete yo, epi kounye a yo kòmanse mete plan rediksyon povrete sa yo sou pye atravè finansman ESPRI a.

Nan Elmira, fòs entèvansyon lokal yo te konsantre efò yo sou yon zòn sible ki gen ladan menm katye ak Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la yo (Downtown Revitalization Initiative). Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè a ap transfòme katye sant vil yo pou yo vin tounen kominote dinamik kote pwochè jenerasyon Nouyòkè yo pral vle viv, travay ak elve fanmi yo. An 2017, yo te akòde Elmira 10 milyon dola pou yo devlope

yon plan investisman estratejik pou sant vil yo a epi reyalize pwojè katalizè enpòtan yo pou fè vanse vizyon revitalizasyon kominote a.

Senk pwogram rediksyon povrete yo te apwouve pou finansman nan Elmira a yo se:

- **Depatman Sèvis Sosyal Konte Chemung lan (Chemung County Department of Social Services), 255,000 dola** - Yo pral itilize finansman an pou anboche twa “navigatè kominotè” ki pral baze nan Sant Transfòmasyon, Sant Kominotè ak pou Jèn Frontline lan (Transformation Center, Frontline Community and Youth Center), ak Pwogram Opòtinite Ekonomik la (Economic Opportunity Program) pou ede moun yo jwenn aksè pi fasil a sèvis yo elijib pou yo resevwa yo. Yo pral bay volontè yo fòmasyon tou pou siplemante efò yo ap fè nan chak katye. Anplis de sa a, yo pral pwolonje lè douvèti Sant pou Anplwa Elmira (Elmira Job Center) pou yo ka ofri fòmasyon ak gid pou ede rezidan yo jwenn travay nan domèn ki pi konvwate yo.
- **Southern Tier Economic Growth, 200,000 dola** - Yo te kreye yon sibvansyon pou antreprenè ak pwopriyetè ti biznis yo pou ankouraje nouvo devlopman biznis nan katye yo sible yo.
- **Southern Tier Economic Growth, 275,000 dola** - Yo te kreye “Fon pou Konble Eka nan Revitalizasyon Lojman ESPRI a” (“ESPRI Housing Revitalization Gap Fund”) pou ede reponn a bezwen pou lojman sekirite, abòdab pou moun lwe lè yo ofri sibvansyon pou modènize inite lojman kolektif yo.
- **Lojman ak Devlopman Pò a (Arbor Housing and Development), 50,000 dola** - Arbor Housing pral administre fon revitalizasyon lojman an epi yo pral travay ak devlopè pwopriyete yo pou yo alinye estrateji finansyè global, ak vyab k ap rantabilize tout resous lokal, eta ak federal yo.
- **Chanm Komès Konte Chemung lan (Chemung County Chamber of Commerce), 20,000 dola** - Finansman an pral sipòte Pwogram Rezotaj ak Kontwòl Antreprenè a (Entrepreneur Mentoring and Networking Program) pou ede patisipan yo aprann kijan pou yo bidjetize, finanse, fè pibilisite, opere biznis yo, ansanm ak tabli yon rezo ak sistèm sipò ki gen pwopriyete biznis lokal yo.

**Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance) nan Eta New York Samuel D. Roberts, te deklare,** “Gouvènè Cuomo rekonèt ke povrete se yon pwoblèm sosyal ki twò konplèks pou yo abòde kòm yon sèl antite ki apa pou kont li. ESPRI ap ankouraje yon apwòch kolaborativ ant eta ak gouvènman lokal yo, òganizasyon san bi likratif yo, gwoup komèsyo yo ak rezidan lokal yo k ap lakoz yo jwenn solisyon kowòdone pou redwi povrete”.

**Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare,** “Li enpòtan pou nou investi nan enfrastrikti imen an tou lè nou ap investi nan enfrastrikti fizik la. Fòs entèvansyon

lokal ESPRI Elmira a te rekonèt ke lè yon konsantre efò yo sou menm katye k ap benefisye de Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè Cuomo a, vil la pral wè menm plis kwasans ak pwosperite ankò. Se rezidan ak pwopriyetè biznis Elmira yo ki gayan nan sa la paske investisman sa a ap sipleman bèl travay ki deja ankou yo”.

**Kowòdonatè Ant Ajans Òganizasyon San Bi Likratif yo Fran Barrett te deklare,** “Lè nou responsabilize rezidan ki gen revni fèb yo pou yo devlope ak reyalize solisyon pou rezoud povrete ki baze nan kominote a, Gouvènè Cuomo ap chanje fason gouvènman Eta a takle povrete ak inegalite salè yo. Elmira ak rezidan l yo ap antreprann pwojè k ap chanje sistèm lan ak inisyativ sible ki pral pèmèt fanmi ki gen revni fèb yo antre nan mendèv la ak diyite, abòde baryè ki anpeche mobilite ekonomik yo, epi reyalize potansyèl yo”.

**Senatè Tom O’Mara te deklare,** “Nou ap byen akeyi investisman enpòtan sa yo eta a ap fè nan pwogram ak sèvis pou ankouraje kwasans djòb yo byen bezwen, devlopman kominotè ak inisyativ rediksyon povrete yo”.

**Chèf Egzekitif Konte Chemung, Tom Santulli, te deklare,** “Nou trè apresye sipò finansyè Gouvènè Cuomo kontinye bay kominote nou an. Finansman Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la, ki sipòte senk pwogram ki trè enpòtan sa yo, pral enstrimantal nan kad revitalizasyon vil nou an. Lajan sa yo an dekonsè ak Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la ak Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a te pèmèt nou kòmanse rekonstwi kominote nou an”.

**Prezidan Southern Tier Economic Growth la, Mike Krusen te deklare,** “Sa se yon etap ki vrèman enpòtan anpil nan pwosesis revitalizasyon katye ak sant vil Elmira a yo epi plan sa a pral enstrimantal nan kad objektif rediksyon povrete nou an ak restriksyon yon kominote ki pi dinamik. Nou rekonesan paske Gouvènè Cuomo te pote plis konsantrasyon ak plis finansman pou ede abòde pwoblèm sa yo”.

**Don Keddell, ki se KoPrezidan Fòs Entèkansyon ESPRI Elmira a, te deklare,** “Zòn ki an detrès nou ap konsantre sou yo nan Elmira te fè eksperyans mank bon kalite lojman, anpil chomaj, enfrastrikti k ap degrade, mank akonplisman edikasyonèl ak anpil krim. Pwoblèm yo entèdepandan epi nou te konprann depi byen bonè nan pwosesis planifikasyon an ke yon solisyon inivèsèl p ap ka elimine povrete nan Elmira”.

**Andrew Ogunwumi, ki se KoPrezidan Fòs Entèkansyon ESPRI Elmira a, te deklare,** “Yon gran echantiyon reprezantatif de kominote a te travay depre pou yo konprann pwoblèm ak defi ki genyen nan lavi jounalye sila yo k ap viv an povrete nan kominote nou an yo. Plan nou an ap konsantre sou kase chèn difikilte ekonomik lan, ogmante mobilite sosyal, epi revitalize katye Elmira genyen ki an difikilte yo”.

**Majistra Elmira a, Dan Mandell, ki se yon ansyen manm Fòs Entèkansyon ESPRI a te deklare,** “Atravè ESPRI, Gouvènè Cuomo te responsabilize rezidan lokal yo ak pati konsène yo pou yo travay ansanm pou yo devlope ak egzekite yon plan ki ka eksplwate opòtinite yo ki pral ede redwi povrete an Elmira. Efò sa yo pral konpleman sila ki te deja ankou yo gras a Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè a”.

Inite Kowòdinasyon San Bi Likratif (Nonprofit Coordination Unit) Gouvènè an, ansanm ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an nan Eta New York, Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York lan (New York State Homes and Community Renewal), ak Ekip Sibvansyon ak Refòm Eta New York lan (New York State Grants and Reform Team) yo te resamman òganize sesyon ekout yo atravè eta a pou diskite sou mizajou yo ak pwogram ESPRI Gouvènè an, reponn kesyon yo, epi konekte ak gouvènman lokal lan ak founisè san bi likratif yo ak gwoup biznis yo. Rès kominote ESPRI yo tout nan divès faz devlopman ak adaptasyon rekòmandasyon lokal yo, epi yo prevwa anonse plan rediksyon povrete endividyèl yo nan mwa ki gen pou vini yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)